

Èske avantaj leta bay ak imigrasyon ap ba ou kè sote?



Pa sispann resevwa asistans piblik ou yo san rezon.

Rele ActionNYC nan 1-800-354-0365 epi di "public charge" (responsabilite piblik) si ou gen nenpòt ki kesyon oswa enkyetid sou kijan règ la ka afekte ou.



Li enpòtan pou w konnen:

- Règ "responsabilite piblik" la pa chanje kondisyon pou kalifye pou avantaj yo leta bay.
- Règ "responsabilite piblik" la pa afekte tout moun. Pa gen okenn tè "responsabilite piblik" pou moun ki gen kat rezidans ki aplike pou sitwayènte.
- Gen èd jiridik disponib gratis. Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, kontakte yon founisè sèvis jiridik imigrasyon ki gratis epi ou pa bezwen nan kè sote. **Rele ActionNYC nan 1-800-354-0365 epi di "public charge" (responsabilite piblik).**
- Si w ap esponnsò yon fanmi ki aletranje, oswa ki pral vwayaje aletranje pou aplike ou yon kat rezidans oswa viza, rele ActionNYC pou sèvis jiridik imigrasyon san ou pa bezwen gen kè sote pou konprann kijan "responsabilite piblik" ka afekte tou.
- Minisipalite vil la pral kontinye batay pou kwape règ "responsabilite piblik la". **Al wè tout dènye nouvèl yo nan NYC.gov/PublicCharge.**

